

21 me

E si se pitit nou ye, se eritye nou ye tou ! Yon bò, nou se eritye Bondye, yon lòtbò, nou se eritye an-sanm avèk Kris. Women 8. 17

Richès Kris la, yon richès moun pa ka egzamine.

Efezyen 3. 8

Se pou pawòl Kris la abite nan nou avèk tout richès li. Kolosyen 3. 16

Enstale nou nan chato a !

Yon nonm pòv vin jwenn yon eritaj sanzatan. Yon tonton ki pa t gen pitit tonbe mouri mò sibit, e se li ki sèl eritye. Men li ki vin nan yon bat je mèt yon chato, ki antoure ak yon gwo jaden !

Li te vle pran eritaj li yo. Men, yon jan timid, li pa wè li ki pou rete nan tout chato sa. Li desann nan yon ti kay ki te la, pou sèvitè ki te la pou fè netwayaj pak la. Notè a te vin vizite l. Li sezi e li di : “Men mesye, rete nan chato a non !” Epi li montre l dokiman ki di tout bagay yo se pou li. Ala lapèn, lè w genyen yon chato, epi pou kontante w ak ti kote jennen e ki pa menm konfòtab sa !

Lè nou resevwa Jezi pa lafwa, nou vin pitit Bondye, e eritye richès Bondye yo. Men souvan, lavi kretyèn pòv epi tou jennen. Nou kontante nou pou nou sèlman konnen nou sove, san nou pa pran richès Jezi ofri nou yo : padon peche nou yo, gras pou tout tan Bondye a, kone-sans Papa a, vini devan Bondye nan lapriye, delivrans anba pisans peche, esperans lavi etènèl, posiblite pou nou pataje glwa Pitit Bondye a, ak tout lajwa ak lapè Bondye vle fè nou konnen sou latè !

“Papye notè a” ki pèmèt nou konnen dwa nou genyen yo, se pawòl Bondye. Ann li l atantivman, e nou va konnen kòman nou se moun ki rich anpil.

21 mai

Si nous sommes enfants, nous sommes aussi héritiers ; héritiers de Dieu, cohéritiers de Christ.

Romains 8. 17

Les richesses insondables du Christ... Éphésiens 3. 8

Que la parole du Christ habite en vous richement.

Colossiens 3. 16

Installez-vous au château !

Un homme pauvre vient de faire un héritage inattendu. Un oncle sans enfant est mort subitement, et il est le seul héritier. Le voilà tout à coup propriétaire d'un château, entouré d'un grand domaine. Il est riche !

Il se dispose à prendre possession des lieux. Mais, intimidé, il ne peut se résoudre à occuper le château. Il s'installe avec sa famille dans une maisonnette destinée au serviteur chargé de l'entretien du parc. Le notaire vient lui rendre visite. Stupéfait, il s'exclame : "Mais, monsieur, installez-vous donc au château !". Et il lui montre le document qui prouve que tout lui appartient. Quel dommage, quand on possède un château, de se contenter de ce logement étroit et inconfortable !

En recevant Jésus par la foi, nous devenons enfants de Dieu, et héritiers des richesses divines. Mais notre vie chrétienne est souvent pauvre et étriquée. Nous nous contentons de savoir que nous sommes sauvés, sans prendre possession activement des richesses que Jésus nous offre : le pardon de nos péchés, la faveur permanente de Dieu, la connaissance du Père, l'accès auprès de lui par la prière, la délivrance de la puissance du péché, l'espérance de la vie éternelle, la perspective de partager la gloire du Fils de Dieu, et toute la joie et la paix que Dieu veut nous faire éprouver, déjà sur la terre !

"L'acte notarié" par lequel nous prenons connaissance de nos droits, c'est la Parole de Dieu. Lisons-la attentivement, et nous saurons combien nous sommes riches.